



# Enfòmasyon sou Materyèl Yo Mete Anndan Matris (IUD)

<b>Kisa IUD a ye?</b>	IUD (Materyèl Yo Mete Anndan Matris: IntraUterine Device) se yon ti baton plastik ki gen 2 bra ak yon fil. Yo mete li anndan matris la pou anpeche gwasès. Li gen apeprè menm gwasè ak yon 25 santim. Li gen 2 kalite IUD nan Etazini: IUD kwiv la (copper IUD) ak IUD pwojestin (progestin IUD: òmon) nan. (Pou chwazi sa ki bon pou ou a, gade kat la ki nan lòt bò a.)
<b>A ki pwen li fè travay li?</b>	IUD fonksyone pi byen pase grenn nan, patch la, sèk la, ak piki a. IUD evite gwasès kay 99 pou 100 fanm ki sèvi avè l.
<b>Èske IUD a san danje?</b>	Wi. Pwoblèm grav IUD a bay yo pa rive souvan, epi majorite rive nan premye jou yo.
<b>Èske m ka mete yon IUD si m pa janm gen yon bebe?</b>	Wi.
<b>Kijan yo antre IUD a?</b>	Aprè yo mete yon espekilòm nan bouboun nan, yon moun k' ap bay swen medikal (doktè) antre IUD a nan matris la. Majorite moun k' ap bay swen medikal yo bay medikaman pou doulè avan. Kèk fanm gen kramp ak degout san pandan kèk èdtan.
<b>Èske IUD a gen efè segondè?</b>	Wi. Majorite efè segondè yo amelyore apre kèk mwa. Gade lòt bò paj la pou detay.
<b>Èske IUD a lakoz enfeksyon?</b>	No.
<b>Èske IUD a pwoteje kont Viris Maladi Sida a (HIV) ak lòt enfeksyon moun trape nan fè bagay?</b>	Non, IUD a PA pwoteje w kont enfeksyon moun trape nan fè bagay? Ou dwe itilize yon kapòt latèks chak fwa w ap fè bagay (menm si IUD a anplas), sof si ou menm ak mennaj ou a nou fè bagay sèlman youn ak lòt.
<b>Èske m dwe tcheke IUD a?</b>	Ou dwe anmezi pou w santi fil IUD a nan bouboun ou. Tcheke fil la yon fwa pa mwa. Si w pa santi fil la, rele moun k' ap ba w swen an (doktè w).
<b>Èske IUD a lakoz yon foskouch?</b>	Non. IUD a travay pou anpeche jèm gason (espèm) fegonde jèm fi (ze).
<b>Kisa k rive lè m vle vin ansent?</b>	Majorite fanm vin ansent touswit apre yon moun k' ap bay swen medikal (doktè) retire IUD a.

# Kilès nan IUD yo ki bon pou mwen?

	<b>Copper IUD (IUD Kwiv)</b> 	<b>Progestin IUD (IUD Pwojestin)</b> 
<b>Non Komèsyal</b>	Paragard™	Mirena™
<b>Pandan konbyen tan ou ka itilize l?</b>	10 a 12 zan	5 a 7 an
<b>Èske li gen òmon?</b>	Non	Wi: ti dòz progestin (li pa gen estwojèn: estrogen)
<b>Efè segondè</b>	Anpil seyman lè moun nan gen règ Kranp lè w gen règ ou	Bay degout san Mwen souvan: balonman, kè plen, maltèt, doulè nan tete Pa ren règ apre kèk mwa – Se pa yon ris, epi anpil fanm renmen l
<b>Avantaj yo</b>	Pa gen bezwen pou panse ak planin avan oswa pandan sèks Sèl ou menm ki konn afè w Pa gen bezwen achte refil (renouvle preskripsyon) chak mwa Fonksyone pi byen pase grenn nan, patch la, sèk la, oswa piki a Yo ka itilize l pandan y' ap bay tete	Pa gen bezwen pou panse ak planin avan oswa pandan sèks Sèl ou menm ki konn afè w Pa gen bezwen achte refil (renouvle preskripsyon) chak mwa Fonksyone pi byen pase grenn nan, patch la, sèk la, oswa piki a Yo ka itilize l pandan y' ap bay tete Kapab diminye san w bay twòp lè w gen règ, kranp, Siy ak Sentom Avan Règ yo
<b>Pri</b>	Majorite plan asirans yo peye pou li Si yo pa peye pou li, li ka koute kèk santèn dola	Majorite plan asirans yo peye pou li Si yo pa peye pou li, li ka koute kèk santèn dola